


23 Dongeng
Asal-Usul Desa
Tengger



gawe
Bahasa Jawa Tengger



23
Dongeng
Asal-Usul
Desa Tengger



gawe
Basa Jawa Tengger

Gambare:
Mas Teguh - Ngadiwana
karo Mas Tata - Wanakitri

TPBT
Malang 2011

23 Dongeng Asal-Usul
Desa Tengger

© TPBT 2007

Cerita-cerita yang ada di buku ini dikumpulkan dan
dibukukan oleh Tim Pengembangan Bahasa Tengger
(TPBT)

Dongeng-dongeng sing ana ning buku iki diklumpuk-en
karo dibuku-en nang Klompok sing Ngembangan Basa
Tengger (KNBT).



Cetakan pertama 2007
Cetakan kedua 2011

Sambutan Kepala Dinas Pariwisata Kabupaten Pasuruan

Para pembaca yang budiman,
Kabupaten Pasuruan yang beraneka ragam budaya masyarakat memiliki keunikan yang menarik untuk diketahui. Salah satu ragam budaya tersebut adalah budaya masyarakat Tengger yang berdomisili di wilayah Bromo yang memiliki berbagai ragam tradisi adat istiadat yang disakralkan oleh masyarakat Tengger. Bahasa dialek dan sejarah /legenda yang dimiliki masyarakat Tengger mempunyai cirri khas tersendiri sangatlah menarik untuk diketahui.

Keragaman tradisi, adat istiadat, dan sejarah / legenda masyarakat Tengger tersebut perlu dilestarikan sehingga dapat menjadikan modal dasar dalam pembangunan budaya dan pariwisata Kabupaten Pasuruan.

Melalui buku cerita masyarakat / legenda masyarakat Tengger diharapkan dapat menambah wawasan para pembaca untuk lebih mencintai khasanah budaya masyarakat Tengger, keaneka ragaman adat istiadat, dan tradisi suku Tengger tersebut sangat mendukung kelengkapan obyek wisata alam Gunung Bromo.

Selamat menikmati buku ini dan keindahan wilayah Bromo. Semoga tradisi dan budaya masyarakat Tengger akan memberikan kesan yang menyenangkan. Terima Kasih.



Pengantar

Hong ulun basuki langgeng.

Sak'durunge kene kabeh pada nedan nerima sing sepisan nang Pak Dukun kabeh sing ana ning Tengger, sing wes karo tulus eklas atine wes nggewei kaweruhan uga sing wes ndongengen cerita iki.

Ping pidone nedan nerima nang warga Tengger sing wes ngrewangi maca uga sing wes mbeneren edisi percobaan iki sampek buku iki bisa mari.

Njaluk sepurane nek ana kesalahan nulis utawa isine cerita sing orak pada karo sing wes rika kabeh weruhi. Nek rika kabeh duwe pitutur sing luweh apik, reang genehana weroh cekne buku iki luweh apik maneh!

Buku iki ditulis digawe mbaleni dongeng-dongenge asal-usule desa-desa sing ana ning Tengger kirane cerita iki cekne orak bisa ilang.

Jare sing nulis, sak-kehe dongeng sing ana ning buku iki luweh penting nglestarek'en, **“bahasane”** karo **“budayane.”** Kirane sing maca buku iki bisa weroh asal-usule desa-desa sing ana ning Tengger, karo pisan sing ngenahi pesen pitutur luhur, sing wujute tulisan.


Langgeng Basuki!




Daftar Isi

Sambutan.....	5
Pengantar.....	7
Daftar Isi.....	8
Bab 1 Kabupaten Pasuruan.....	10
1. Dusun Kletak.....	12
2. Desa Ngadiwana.....	14
3. Dusun Surorowo, Pawon Sewu, Gua Semar.....	19
4. Dusun Cemara Gading.....	21
5. Desa Mororejo.....	23
6. Dusun Ngawu.....	26
7. Desa Tosari.....	29
8. Dusun-dusun daerah Tosari.....	31
9. Dusun Purwono karo Desa Balidono.....	33
10. Desa Keduwung.....	35
11. Desa Padakaya.....	37

12. Desa Kaliteja.....	39
13. Desa Sedaeng.....	41
14.. Desa Wanakitri.....	43
Bab 2—Kabupaten Probolinggo.....	46
15. Desa Ngadisari.....	48
16. Dusun Putus.....	50
17. Desa Sapikerep.....	52
18. Desa Wanakorsa.....	54
19. Dusun Cerbek utawa Sumber Anom.....	56
20. Desa Ledok-ombo.....	58
Bab 3—Kabupaten Lumajang.....	60
21. Desa Ranu Pani.....	62
22. Desa Argosari.....	64
Bab 4—Kabupaten Malang.....	66
23. Desa Ngadas.....	68



Kabupaten Pasuruan





Kletak

Pak Isnan, dukun

Ceritane asal-usule Desa Kletak ngene: Mbah-mbah biyen ngene:

Biyen desa-desa kawasan Tengger molai ana uga wes rame. Dadi wong-wong Tengger kaya wong desa Sedaeng, Wanakitri, Tosari, karo desa-desa liyane. Nek kare mudun budal utawa teka desa ngisore Nongkojajar sampek Nggerba mesti liwat dalam Cemara Gading sampek ana alas-alas, gaga sing saiki dadi Desa Kletak. Dijenengi Desa Kletak merga wong-wong iku mau nek pada payah leren utawa ngaso nanggone kana. Merga kepayahen mari mlaku adoh.

Saben kepayahen nemen, ana sing ngaso karo turu nggletak. Pas pada ngaso utawa leren wong-wong iku dedongeng ngene:

“Nek enggone iki rame, dadi desa, jenengna Desa Kletak, ya. Merga enggone wong ngaso, leren turu nggletak merga kepayahen, anak-putu kudu dipeseni, kudu jenengna Desa Kletak.”




"nek pada payah leren utawa ngaso nanggone kana."



Ngadiwana

Pak Suparman, dukun

Jaman biyen, kene iki gek alas gede, gek durung ana wong. Sing ana wong ana desa ning pusung wetan iku sing ereng-ereng sing lenah ning kono ana jeneng, jenenge desa Wanajati. Desa Wanajati iku ana penghuni ana wonge sing jenenge, Eyang Tanggul. Eyang Tanggul mau duwe ingon-ingon Kebo. Ya, Kebo mau nek isuk diengon, diumbar ndek isore moleh ning kandange dewe. Tapi anehe, Kebo mau nek moleh sore wes mari guteh. Na Eyang Tanggul, mandeng, nek Kebo iku diumbar isuk nek sore moleh mari guteh. Ngendi enggone banyu sing dienggoni guteh mau. Eyang Tanggul kepengen weroh, panggonan sing ana banyune. Isuk-isuk maneh, Kebo ditok'en teka gedokane dituten teka mburi karo Eyang Tanggul sampek jebul ning panggonan sing dienggoni guteh Kebo mau. Kira-kira teka ning desa Wanajati sampek ninggone banyu,



sak kilometer dohe. Bareng wes njebul ninggone banyu kono Kebo mau mandek. Eyang Tanggul nggolek'i, ngendi enggone banyu sing mili iki suwe-suwe ketemu. Bareng ketemu pancene nyatane banyu apik, metu teka njero lemah, sing jenenge umbulan. Sak'marine ngono Eyang Tanggul moleh ning omahe. Mikir kepengen urip, kepengen nggawe omah, ning panggonan sing parek banyu iku mau. La, wong-wong sing ning desa Wanajati mau didongengi dijak gawe omah gawe desa ning panggonan sing parek banyu iku mau. Kabeh wong sak desa iku pada gelem. Terus gawe babat alas gawe ning desa

panggonan iki. Lawas-lawas dadi desa. Panggonan iki setitik dadi desa. Sak'marine dadi desa Eyang Tanggul mandeng, ana alase, ana desane, ana banyune. Eyang Tanggul seneng. Apik'e desa iki dijenengi desa "Ngadi-wana." 'Ngadi' iku apik, 'wana' iku alas. Iki dongengi desa Ngadiwana. Anane desa Ngadiwana.

Sak'marine ngono Eyang Tanggul iki mikir maneh. "Urip iki ana asal-usul iki teka endi? Teka sing Maha Kuasa. Lah, ngendi reang nek njejaluk ning sing Maha Kuasa." Ahire wong sak desa iki dijak gawe panggonan ning igir-igir, teka ning umbulan mau, kira-kira limangatus meter, ning kono Eyang Tanggul gawe panggonan sing dijenengi Pomahan. La, sak'mubenge pomahan iku mau ana kayu gedegede. Sak'wise dadi Pomahan ning kono dijenengi Sanggar Pamujan. Sanggar Pamujan iki tegese, kanggo wong-wong nyenyuwun karo Sing Nggawe Urip. Njaluk rahayu slamet, njaluk gampang gangsar nyambut gawe, njaluk kebahagiaan, njaluk kemakmuran. Ning kono nggone sing dijenengi Sanggar Pamujan jenenge panggonan iku mau. Kosi sak'iki gek ana ning kono enggone wong slametan.

Sak'marine nggawe Sanggar Pamujan desa iki diubengi alas, akeh kewan gede-gede kewan galak. Eyang Tanggul ngelumpuk'en rakyat maneh, ngelumpuk'en wong-wong ning desa iki maneh, ngejak nggawe papan. Ngingu alas sing ning sak'pinggire desa iki kira-kira ambane, setengah hektar. Alas iki orak diganggu gugat, orak dirusak, digawe papane kewan-kewan makluk ciptaane Sing Nggawe Urip. La, ning kono kewan-kewan iki mau dikongkon manggon ning kono. "Ajo sampek ngganggu gugat ajo sampek ngrusak." Ning menungsane pada menenga ning alas kene. Mbesuk sak wayah-wayah, rakyat pawongan kene pada slametan. Setitik oleh bagaian sing jenenge "tamping." Nah ahire, si kewan-kewan galak jin-setan pada nglumpuk ning njerone alas kono kabeh. Nah alas iku dijenengi "danyang." Panggonane kewan galak panggonane setan-jin. Tapi, saben wong slametan mesti nggenei bagian sing jenenge "tamping." Didokok ning danyang, didokok ning banyu, didokok ning Sanggar Pamujan, didokok ning dalan, iki jenengi "tamping." Kanggo nyelameten pawongan-pawongan sing urip ning desa, sing

diubengi alas iki mau. Cekne melu njaga keslametane. Ahire, mlaku molai jaman kuna biyen, kosi sak'iki tetep ning desa Ngadiwana iki akeh slametane saben wong slametan mesti tetamping ning danyang, ning sanggar, ning banyu, ning dalan, supaya cekne slamet kabeh. Iki mau ceritane asal-usule desa Ngadiwana.



Surorowo/Suroloyo, Pawon Sewu
karo Gua Semar

Pak Untung, Dukun




Biyen, sak'durunge dadi desa Surorowo utawa desa Suroloyo, enggon iku gek alas gede katek akeh pakewuh. Enggone iku perek desa Kayu Kebek. Ceritane wong biyen iku nggene:

Sing teka nang enggon kene iku sak grambolan wong playonan teka krajaan Majapahit sing kate ngerusen lakune nang Tengger. Mergane wong-wong iku playonan teka krajaan Majapahit kadhekna wong-wong iku mau pada nggawa gaman tiru keris, tumbak, wedung katek liya-liyane. Polae kepayaen wong-wong iku mau leren, gamanne ana sing disimpen katek ana sing dipendem nang kono. La jenenge enggone ampenan gaman "Kubur dawa." Teruse ya wong-wong sing playon teka Majapahit iku mau ana sing kari ngenggon nang kono. Orak melu mlaku nang pucuk'e Tengger.

Terus ana wangsit unine nggene, "Nek sira kabeh duwe anak putu utawa turun katek bon iki

dadi desa, jenengana desa Surorowo utawa Suroloyo." 'Suro' sing tegese 'wani'. 'Loyo' utawa 'rowo' sing tegese 'pakewuh'. Merga pas iku wong-wong playonan krajaan Majapahit wani ngliwati enggon sing ewuh. Terus liyane pada ngerusen mlakune nang Tengger, liwat Pawon Sewu. Jenenge 'Pawon Sewu' mergane ana wong sing jenenge Semar Manten. Anak'e wong iku gawe pawon sing kabehe sewu. Mangkane dijenengi 'Pawon Sewu'. Enggone Semar dijenengi 'Gua Semar'.



Cemoro Gading

Pak Sutomo, dukun



Molaine desa Cemara Gading biyen ngene:
Jare wong tuwek utawa mbah-buyute wong Tengger.
Ana Mbah Ludoyo sak'keluarga sing teka nang kene
ye enggon kene. Pas iku gek alas gede, gek durung
ana wong sing nang kene. Ndek kono Mbah Ludoyo
ngenggoni sigarane kayu loro gede sing jenenge
kayu cemara sing sampek gading.

Maringono Mbah Ludoyo mbabat alas katek
ngenggon nang kono. Mbabat alas didadek'en gaga.
Mbah Ludoyo ye gawa pondok'an mbarek dienggoni
anak'e sing ana nang kono.

Maringono, suwe-suwe, lawas-lawas, duwe
anak, duwe turun sampek salah siji anak'e iku mau
jenenge Kabul utawa Pak Kabul. Sing tegese Kabul
iku mau dungane Mbah Ludoyo wes "dikabulen"
duwe anak katek uripe cukup.

Dadi Mbah Ludoyo nggewei wangsit nang anak putune utawa turune, nek ana rejane jaman nang kene katek wes akeh wong katek dadi desa, jenengna desa Cemara Gading. Gawe nggeling-nggeling nek'e Mbah Ludoyo tau teka katek ngeggoni nang kene, nang parek'e kayu loro sing jenenge Cemoro Gading. Mangkane Mbah Ludoyo dadi pundene desa sampek sak'iki.



Mororejo

Pak Jono, dukun



Biyen sak'durunge ana desa ning kene, gek alas gede. Teruse ana raja Majapait jenenge Brawijaya. Brawijaya duwe anak jenenge Raden Patah. Raden Patah melu Saudagar nang Arabia. Ning kana Raden Patah ngilmu. Mari ngono suwe-suwe mbalik maneh nang Majapait, teka Majapait ngajaren paran sing diolehen ning kana. La ajarane iku orak pas karo petilasane wek'e bapakne. Terus sampek dadi nang gudere.

Bapakne mikir: "Wah, iki orak pantes nek bapak karo anak sampek petentengan merga agem-agem. Reang menang paran untunge, reang kalah orak pantes, sing genah tak'indarane wae." Maringono Brawijaya iku mau nggolek panggonan sing dikarepen, yaiku Bali.

Pas iku biyunge guneman: "Esun orak lega nek Jawa iki diwengku wong sebrang."

Semaure Brawijya: "Cekne wae wes Yung,

mbesuk nek wes limang atus tahun kepe dibalek'en."

Barengono Brawijaya ambek kanca karo dulur sak'pengiringe sing gek manut karo Brawijaya, pada melu budal nang Bali, liwate ning daerah Tengger. La, Brawijaya duwe klambi jenenge Ontokusumo utawa Jimat Klontongan. Pas teka ning alas gede kene, klambine ucul miber dewe, sampek dadi uber-uberan. Diuber nang kabeh parajurite. Mibere ngulon sampek ning Poncosumo. Ning kono orak kenek, miber nang alas tungukan, Gubuk Klakah. Orak kenek maneh, miber nang Tegal Kuwung, Ngadas. Miber maneh nang arah ngalor-ngulon, mencok ning Cemara Gading. Miber maneh nang Argo Tawang. Argo tawang iku tegese nyawang ngetan tawang, nyawang ngalor tawang, nyawang ngulon tawang, nyawang ngidul tawang. La, ning kono klambi iku kenek dicekel karo digegem. La, senareane Ontokusumo iku mau isa ngrejekeni mulane enggon iki dikongkon njenengi Gembaya. 'Gem' tegese digegem, 'kaya' tegese jimat utawa rejeki. Terus, suwene-suwe nyambut gawe, nyambut gawe akeh wong teka, pada hasil. Mulane nek rejane

jaman, enggon iki dikongkon njenengi 'Marareja.'
'Mara' tegese teka, 'reja' iku hasil. Dadi sampek
sak'iki dijenengi Gembaya utawa Marareja.

Maringono wong sing hasil iku mau duwe
rajakaya akeh. Ana sapi, wedus, kebo, jaran,
dienggon ning enggon kulon-kidul. Ning enggon iku
digawek'en gedokan, timbang nggawa moleh
kadohan.

La, gedokane akeh, polae rajakayane akeh.
Suwene-suwe enggon sing akeh gedokan iku mau
dijenengi Kandangan. Sing sak'iki diarani dusun
Kandangari.





Ngawu

Pak Yasin



Biyen iku sak'durunge ana Desa Ngawu, ndek kene jenenge Desa Sakam Ndawa, utawa Unsur Ndawa. Ana wong wedok jenenge Djelani sing medok nang kene. La pas iku ana lare cacak karo adik nyenengi wedok iku mau. Wong siji dadi rebutane wong loro. Ahire timbang dadi rebutan Djelani iku mau digawa nang alas, direp susune sampek dadi nang matine. Terus sak'wise dipateni, batange wong wedok iku mau ditindii kayu kasiah. Terus wekasane Djelani kudu nyekar sampek petong turunan. Dadi daerah iki dijenengi Sakam Ndawa. "Sakam" tegese kuburan, "Ndawa" tegese nanak entek'e. Dadi 'kuburan nanak enteke' utawa Sakam Ndawa.

Biyen, sak'durunge abad 14, desa kene gelek ditekani kampak sing ngentek'en karo nyolong dunyane wong kene. Asale kampak iku teka arah wetan. Wong kene dadi kesemeten sampek separone

mlayu nang Pusung Gembaya. Teruse wong kene sing netep rundingan ambek kanca kabeh. Mikir, "Njare kirane ngenek'en kampak-kampak iki." Polae wes kegelek'en ngganggu uripe wong Sakam Ndawa.

Maringono kampak sing teka diuber nang wong kene ngenggo keris karo tumbak Majapahit sing sakti. Wong nyrempet wae bisa mateni. Kampak sing diuber ngenggo gaman iku wedhi, mlayu nang arah kidul-wetan karo nang arah wetan. Sing mlayu nang arah kidul-wetan dipateni ndek kono, ning arah Padakaya. La enggon iku dijenengi Cemara Gunting polae ndase kampak iku diketok ndek kono.





Terus sing mlayu nang arah wetan mau dipateni pisan ndek njedingan. Dijenengi njedingan polae kono ana tampungane banyune Landa. Sing enggon iku pisan lumrah diarani Alas Ledokan karo Ledok Maon.

Sekala iku batange kampak orak dipendem, tapikne diobong nang wong Sakam Ndawa. Obongane kampak iku mau dadi awu. Terus, wong sing weroh, karo wong Sakam Ndawa, njenengi Desa Sakam Ndawa dadi "Ngawu" polae kampak sing diobong iku dadi awu. Dijenengi Ngawu cekne anak-temurunane bisa werh karo ngerti asale Desa Ngawu iki. Terus, wes genah urip ning kene dadi enak, desa iki dijengeni Ngawulo Reja.

Tosari



Pak Djamt, Pak Monali, Pak Riadi

Biyen ning kene nanak desa. Gek alas gede temenan. Tapikne ana wong sak'keluarga sing manggon ning Wanamerta, jenenge Mbah Jingkat. 'Wana' tegese alas, 'merta' iku ngabari.

La salah sijine keluarga iku mau sing jenenge Mbah Wiriosari mbabat alas ning kene. Duwe anak jenenge Sumendung, Supanjang, Joko Untung, Putri Sejati. Iku mau sing kawitan manggon ning kene. Netek tilase yaiku mau ana watu lepek sing biyen dienggoni lungguhe sing sak-iki pisan sing dadi mbaureksa desa Tasari iki.

Nek mlaku ngetan ana banyu utawa tirta. Biyen, nek banyu iku diombek'en wong sing lara, kok waras. Mulane enggon iki diarani Tasari. 'Ta' iku teka tirta. 'Sari' tegese apik. La enggon iku sing diarani Tirta Sari, suwe-suwe dadi desa Tasari. Ning kene mek ana nggaga-gagan tok. Maringono, ana wong teka Purwono

sing digawe nandur tanduran. Polae tandurane apik,
wong kono iku mau netep nang kono. Balane karo
kancane melu munggah pisan nang Tasari. Pas iku
ana sing arani desa iki Tesari, ya uga sing arani
Nangsari.

Lawas-lawas, suwe-suwe, wong Landa teka. Wong
Landa iku nggawe hotel. Hotel iku susun, wuapik
dipandeng apik sari. La hotel iku mau dijenengi Hotel
Karyasari, sing lokasine sak'iki ning pasar Tosari.
enggon iku sak'iki diarani Karya.



Dusun-dusun daerah Tosari

Pak Monali, dukun



La kisaran taun 1930 anak brenehane Landa teka nang rene. Landa iku mau ngalahen panggonane karo nguasani sampek penduduk'e ning kene kurang. Landa iku mau pisan nggawe kantor gupermen. Ndek kono diarani Tlagasari. Ngapa kok Tlagasari didikek'en? Polae pusate ana ndek kono. Karo pisan rumah sakit jenenge sanitorium sing lokasine ndek sabrang kulon Tosari. Ambek nggawe enggon pemandian ndek tlagasari duwur gampeng ereng-ereng, terus dijenengi Tlagasari.

Ngidul maneh teka Tlagasari ana desa jenenge Listrik, ana pisan sing arani Kayu Ijo. La kok diarani desa Listrik? Biyen ana babonane listrik sing gede. Iku pisan bangunane wong Landa. Pinggire dalan iku pisan ana kayu ijo wit sak'godonge melu ijo kabeh. Teka kono mau ana sing arani pedukuhan Kayu Ijo.

Terus munggah maneh ana enggon diarani Karya, ning pasar Tosari sak'iki. Sak'durunge ana

pasar ana hotel jenenge Karyasari sing digawe wong Landa. Terus hotel sing ndek duwur jenenge “Bromo Hotel” sing sak’iki diarani Bromotel.

Terus munggah maneh ana desa jenenge Wanamerta. La Wanamerta asale masyarakat iki gek kurang. Wanamerta iku alas gede. “Wana” kan alas, “merta” kok ana tanah sing mertani masyarakat. Yaiku dijenengi pedukuhan Wanamerta.

Ngulon maneh ana desa jenenge Wanapala. Ya Wanapala iku alas gede. Tapikne, sing ditemok’ening alas kono ndas tok, utawa “kepala saja.” Ndas sing akeh iku nanak gembunge. Ya teka kono mau diarani pedukuhan Wanapala.

Terus ngalor-ngalor nang pedukuan Kertanom iki. Kertanom iki wis aman nanak paran-paran. Iki ana sing jenenge Pak Kertasari duwe anak jenenge Pak Kerto. Wong iki gek enom sing babat alas enggon Kertanom iki. Mulane digawe pedukuan Kertanom.



Purwono karo Balidono
Pak Legimen karo
Pak Pandumo, dukun



Jaman biyen, jamane Majapahit, enggon iki gek alas gede. Raja Brawijaya duwe anak jenenge Resi Dada Putih. Resi Dada Putih iku duwe kekarepan semedi ning kene, molihe nang Nggriang. 'Nggriang' tegese nggriane Sang Hyang Widi. Sak'durunge semedi ning alas kene Resi Dada Putih mampir adus, kramas ning banyu ampiran.

Maringono enggon kene dienggoni semedine Resi Dada Putih. Resi Dada Putih ngomong, "Nek ana rejane jaman, enggon iki jenengana kampung Purwana. 'Purwa' tegese purwiwitan, 'wana' tegese alas. Polae Reang kawitan semedi ning kene." Yaiku anane desa ning kene.

Terus ning kene iku uga pisan diarani desa paling tuwek. Polae ning kene ndanyange telu. Yaiku sing ndek nduwur jenenge ndanyang Banyu. Sing ning tengah Rojo Kabuyutan Tunggul Payung yaiku sing mbaureksa desa iki. Ndanyang Banas Pati sing ana ning kulon. Suwe-suwene enggon iki dadi karang

pedesaan. La petinggine sing kawitan jenenge Pak Mainten. Marine ngono diganti Pak Resini.

Terus Resi Dada Putih mlaku ngidul-ngetan kepaten banyu. Terus ngencepen sodo lanang dibatek metu teyenge karo banyune. Suwe-suwe ning kono akeh tanduran sedaer. La enggon iku sak'iki dijenengi Sedaeng.

La, ning brang kulon isor iku ana pisan desa, yaiku desa Balidana. Biyen, enggon iku duduk karang pedesan, tapikne gaga-gagaan tok. La wong Purwana lunga medok ning kono. Suwe-suwe nggawe umah ning kono. Enggon iku dijenengi Balidana. 'Bali' tegese amben utawa lincak. 'Dana' iku tegese banyu sing diwadai gentong digewei cebuk utawa sewor. La, wong teka endi wae sing mampir adus utawa

wesoh karo ngombe ya ning kono. Iku mau digawe jujukan. Yaiku asal mulane desa Balidana.



Keduwung

Pak Rakman, dukun



Biyen ana wong jenenge Pengeran Puger.

Omahe Pengeran Puger ring Pusung Puger.

Teruse Pengeran Puger gawe kris dijenengi "Duwung." Suwene-suwe ring Pusing Puger, ana wong jenenge Pak Supo sing gawe kedung nang keris tinggalane Pengeran Puger iku mau. Kedung iku jenenge kudung Supo. Ning Pusung Puger orak pernah, merga ning kana dijajah kampak. Terus melayu nang desa Lumbang. Ring kana gawe blumbang, during dadi temenan, diuber-uber kampak, melayu nang Winongan nang Desa Karang Tengah. Sak'wese manggon ring Karang Tengah, kampak-kampak orak ngganggu maneh. Kampak-kampak iku mau meneng manggon ring desa Lumbang.

Pak Supo ambek keturunane mbalek moleh nang Pusung Puger. Terus, Pak Supo ambek rakyate manggon ring Pusung Puger. Pusung Puger iku terus

dijenengi "Keduwung." Jeneng "Keduwung"
tegešana "kedung" sing digawenang keris sing
jenenge "Duwung." Dadi jenenge desa iku "ke"-"du"-
"wung."

Yaiku asal usule desa Keduwung.



Padakaya

Pak Panaji, dukun



Ceritane ngene, jare mbah-mbah nenek moyang asale Desa Pada-kaya:

Wektu iku jaman gek pada alas gede. Ana sak'keluarga, keturunan Majapahit, sing mlaku nang daerah Tengger. Jenenge Ki Dada Putih. Ki Dada Putih wektu iku mlaku teka daerah Keduwung. Mlaku ngulon, ngetan, ngidul campuh wit-witan godonge putih, kayune putih, kembange uga putih. Wit-witan mau nek diwasen padha kaya! Orak ana bedane. Merga kabeh putih mulai teka godong, kayu sampek kembange.

Merga iku Ki Dada Putih guneman, "Wit-witan iku pada kaya."

Teka iku Ki Dada Putih uga nggeweiji jeneng, jenenge daerah iki Pada-kaya, ya. Uga nek ana rejane jaman kana dadi desa, jenengna Desa Pada-kaya.

Merga teka wit-witan putih sing diwasen Ki Dada Putih. Terus, wit-witan putih iku mau sampek sak'iki digawe kanggo slametan desa utawa adat. Terus, sing ngersa daerah Pada Kaya: Mbah Juntak karo Nyi Jumina. Jerene wong Landa, uga sing ngedhena dadi desa.




Kaliteja

Pak Mujiati karo
Pak Ardoyo, dukun



Ceritnane asal-usule Desa Kaliteja utawa Kayuteja ngene jere leluhure wong Tengger. Biyen sak'durunge dadi desa uga alas gede. Ana petang wong tuwek sing jenenge Mbah Teja Sari, Mbah Tujung Trisno, Mbah Srintil, Mbah Tudheng Renjes. Wong-wong iku keturunanane Jaka Seger karo Roro Anteng. Wong-wong iku manggon ning telung enggon; ngidul, tenggah, karo lor. Pekne pada weroh panggonane wong-wong iku mau, kabeh dikelompok'en dadi sak'enggon; jenenge 'danyang' utawa 'punden'. 'Danyang' tegese 'pada menyang.' 'Punden' tegese 'pepundi.' Senajan ana danyang utawa punden, desa kene gek durung ana jenenge. Terus ana plambang, kreman-kremun ana panggonan kene. Ana kluwung sing neja ning wit kayu sing arahe nang isor kali. Sing sak'iki kaline, dadi salah sijine sumbere wong desa sekitare. Teka plambang iku, Mbah Teja sak'dulur guneman, "Nek daerah iki

wit rame akeh wong sing manggon dadi desa,
jenengna Desa Kayuteja utawa Kaliteja.” Jenenge
'kayu teja' tegese ana kayu sing diliwati utawa metu
kluwung sing neja. Lha, 'kali teja' tegese, ya meh
pada merga kluwung sing neja araha nang kali.
Merga teka iku ana wong sing nyebut Desa Kayuteja
utawa Kaliteja.



Sedaeng

Pak Sukariono, dukun



Ceritane ngene jere leluhur wong Tengger asal-usule Desa Sedaeng.

Ana Ki Dada Putih sing mlaku nang daerah Tengger. Ki Dada Putih teka daerah Keduwung liwat alas-alas gede. Sampek nemok'en daerah alas kembang senikir sing dijenengi "Alas Kiwana Sekar." Maringono Ki Dada Putih mlaku maneh kok ana sak panggonan ara-ara amba sing miring ngalor. Sing akeh tanduran sedaer. Ki Dada Putih uga guneman, "Nek ana rejane jaman, wes akeh wong manggon utawa dadi desa, jenengna desa iki Desa Sedaeng. Merga dijenengi Sedaeng tegese daerah iki asale daerah tanduran sadear.

Uga, 'sedaeng' tegese 'mandi sabdane.' Wong biyen sing mbabat alas dadi desa jenenge Mbah Riyam. Mbah Riyam guneman ngene, "Menawa ana wong sing kate jahat, bakal orak slamat."



"Merga dijenengi Sedaeng tegese daerah iki
asale daerah tanduran sadear."

Wanakitri

Pak Sulkan, parisade



Ndek kono ana alas sing apik, sing ayu. Alas iku dibukak dadi karang perdesaan. Sing mbukak iku salah sijine wong wedok, sing dijenengi Mbah Rembaka Tunggul Payung. Teruse Mbah Rembaka iku ngedeken omah siji, sing sak'wise ngono bisa akeh turun-temurun sampek sak'iki. Teruse diarani desa Wanakitri. Jeneng iku asale teka: alas sing apik, sing indah, sing ayu. Ayu maksute: indah, asli, ya cantik, tanpan anggun.


Desa Wanakitri iku terpencil ndek nduwur puncak gunung. Ndek kono ana gunung Penanjakan sing duwure 1,900 meter teka Bromo karo segara wedi. Iki ditemok'en kawitan taun wolungatus seket (850) taun Saka. Wong sing ngedeken desa kono iku nulis ndek prastasi wujute watu. Ndek kono wong iku nulis taun wolungatus seket (850) taun Saka.

Suwe-suwe sak'marine wong wedok iku mau mbukak desa Tengger, petilasane berubah, sak'iki dadi papan suci utawa pure. Sak'durunge dijenengi


pure, biyen jenenge 'dhukuh' utawa sanggar pamujan. Pure iku ngadek tauh sewu sangangatus swidak sanga (1969). Teruse pure iku dijenengi "Kerti Jaya Buana." Asale teka Wanakerti. 'Kerti' tegese lestari, aman. Terus 'Jaya Buana' tegese sak'lelawase bumi. Dadi jeneg iku mau tegese "aman sak'lelawase" utawa "langgeng ndek ndunya." Sak'wise dadi desa, desa iku diarani desa Wanakitri.







Kabupaten Probolinggo





Ngadisari

Pak Sutomo, dukun

Jaman biyen, sak'durunge dijenengi Desa Ngadisari iku, kawite ana desa sing diarani jeneng Desa Pomahan. Panggonane ning sikile Gunung Lingga. Duduk enggone Desa Ngadisari sing sak'iki. Petinggine sing kawitan iku jenenge Rasi. La, waktu iku dideleng si Petinggi Rasi ndeleng keadaan termasuk rekene, keamanan, ekonomi ning daerah Pomahan iku orak menunjang. Si petinggi Pak Rasi iku duwe pikiran kate ngalih desane iku mau.

Maringono, mari bareng duwe pemikiran ngono, duwe kesimpulan, duwe kedepatan, ngalih nang, jenenge daerah Wonosari.

Mangkane iku rakyat ning Pomahan, waktu iku, nang Petinggi Rasi dijak kabeh pindah nang daerah Wonosari. Diperkirak'en ning daerah Wonosari iku lahane njanjeni rekene kanggo ningkatan kebutuhane rakyat iku pekne nyukupi,

termasuk parek nanggone, sumber banyu. Maka dipilh nang Mbah Rasi.

Daerah Wonosari iku digawe desa anyar kanggo ngalihe wong teka Pomahan. Rakyat kabeh setuju, melu ngalah nang daerah Wonosari. Masia ngono gek alon-alon gek bapat alas, gawe papan. Nah kabeh srakyt ngale nang jenenge papan Wonosari iku mau. Bareng wes mari, wes omah-omah rekeneh pomah, ning daerah Wonosari, mangkane iku nang Mbah Rasi Wonosari iku dijenengi Ngadisari.

Tegese, 'ngadi' iku 'apik', utawa ngudi. 'Sari' iku 'sariapati'. Dadi berusaha ngemek sari-sari ning patine keuripan. Dadi iku asale Ngadisari. Dadi anane Desa Ngadisari sing sak'iki iku ngalah jeneng teka desa Pomahan. Sing mindah waktu iku sing jenenge Mbah Rasi iku mau. Dadi sampek sak'iki jengenge Ngadisari. Iki secara kabeh jenenge Ngadisari. Tapikne tetep secara adat iku jeneng Wanasari tetep melu. Dadi Ngadisari iki diperang rong jeneng Ngadisari/Wonosari. La iku asal-usule Desa Ngadisari iku.





Putus utawa Ngadirejo

Pak Anton

Biyen, sak'durunge dadi desa, terus kene wujud alas gede. Terus gek wonge durung akeh, akeh sing ngenggoni sing menetep ning kene, iku kan digawe jujukane rampok utawa kampak-kampak bahasa kene. Terus, saben kampak kate reneki orak wani, merga saking tuwek'e pedanyangan, katon alas gede sampek nanak dalane. Terus, marine tambah taun tambah taun, kawit ana wong iki tambah akeh. Ana wong dodol, dagangan, teka daerah isor. Iku mau dodol lenga. Sing adol lenga cara sak'iki welija. La nang wong kene orak dituku senangka orak peces. Jaman biyen, peces angel, nang wong kene orak dituku. Ahire welija sing dodol iku mbalek.

"Mbalek wes, putus kene wae wes, orak tak'dol, tak'putusen kene. Kate tak'dol nang desa liyane, ning Ledok Amba. Tapi marine ngene kene wes ana sumbere banyu dadi lengane tak'suntek kana." Terus, jenenge Ngadirejo iki, jenenge pedanyangan punden, kepunden kramate desa. Tapi sing umum

disebut wong iku Putus. Terus, saben taun, kaya dukun iku, nyebut iku nyebut Putus, karo nyebut Ngadirejo gawe nyelametani kapunden utawa danyange desa.

Terus cerita saking dukun. Ngadirejo utawa Wanarejo, biyen, mula asala alas gede sing reja. Saking gedene rampok utawa kampak teka daerah liya orak bisa mlebu tambah panggonane iku angker.





Sapikerep

Pak Ngatek, dukun
Pak Sutrawi, dukun

Ana wong Tengger jenenge Kek Bima. Kek Bima iku wong buto sing gawe gunung Botok karo segara wedi. Gek Bima iku mlaku teka kawah Bromo. Maringono, terus nang Desa Putus. Ngapa kok dijenengi "Putus"? Merga ning kono iku wes diarani desa Putsusan. Terus Kek Bima mlaku maneh jebul ning alas gede. La, sing mbedah krawang utawa sing mbabat alas iku Ratu Buwono Keling. Terus mari dibabat, Kek Bima teka ning kono dideki sapi akeh. Enggon sing kiwa akeh omahe wong, enggon sing tengen uga akeh omahe wong. La enggon sing tengah, nang Kek Bima didekeki sapi akeh, jejer-jejer. Mulane panggonan iku nang Kek Bima dijuluk Sapikerep. Mergane sapine jejer-jejer akeh. Yaiku, seluk-beluk'e dongeng Desa Sapi Kerep.



"Mergane sapine jejer-jejer akeh."



Wanakersa

Pak Sutomo, dalang

“Wana” tegese ‘alas’, “kersa” tegese ‘arep’.

Sing tunggu sanggar kembang Mbah Tembeling. Sing tunggu sanggar pamujan Mbah Suki. Sing tunggu kuburan Mbah Luki. Saking arepejo jamane nganti alas dibabat digawi desa mula diarani Desa Wanakersa. Terus nganak’en akeh Bujan Kapat, Bujan Kewalu, Bujan Kesanga, Bujan Kesada, langgsun Karo. Asale sanggar kembang Wanakersa sing tunggu Mbah Tembeling lan sanggar worong daerah Sariwani sing tunggu Mbah Nyani Petok biyen nandur kembang dewe-dewe sing kembange urip wujud sanggar kembang daerah Wanakersa, sing kembange mati wujud sanggar worong daerah Sariwangi.





Cerbek utawa Sumber Anom

Pak Ponat, dukun

Pertamane ngene, sak-durunge dijenengi desa Cerbek, dijengeni Pamahan. Waktu desa Pamahan iku, penduduk'e 17 KK. Ning kono akeh kerampokan. Sak'rene gelek-gelek. Dadi pindah, mbukak alas maneh nang pinggir kidul-wetan. La teka masyarakate wes radak akeh. Ndek kono ana wite kayu kebek. Kayu kebek iku growok. Kayu kebek iku mau digawe tenger utawa tanda-tanda ngumpulen rakyate. Kayu kebek iku mau digawe kentongan. Dadi digawe ancer-ancer



dijenengi Cerbek. Nah ngono, iku asal-usule ngono desa Cerbek.

Sak'wise Desa Cerbek arepe kate dieleh Desa Sumber Anom, iku waktu Pak Tinggi Sepuh, Pak Mulyo Pranoto, suwargi, malikane sak'ngono nggawa sumberan teka karang anom. La, teka kono Desa Cerbek iku mau dieleh dadi Desa Sumber Anom. Polae Desa Sumber Anom iku muka, nggawa sumberan teka karang anom, dilebok'en nang desa kene kanggo nguripi rakyat kene.




Ledok Ombo


Pak Adisakur, dukun

Asal mula Desa Ledok-ombo, biyen wit witane iku jeneng asale Desa Palu Ombo. Waktu kala iku desa iki dadi enggone, Dhamar Wulan Meguru. Meguru ning kene pirang-pirang taun sampek umure gede-gede, kira-kira umur rong puluh taun dek'e wes dikongkon budal nang gurune nang Majapahit. Dadi ning kene ninggal telatah Palu Ombo. Wes nang cerita-cerita kalangan, sering ditayangen ning filem sing judule Dhamar Wulan. Biyen kala jenenge Palu Ombo. Terus suwene-suwe tambah taun, masyarakat Tengger iki ndengok'e sing khusus ana desa Ledok Ombo iki. Polae ledok'ane daerah kene iki paling akeh, ya paling amba dewe. Dadi masyarakat kene iki ngarani desa kene iki Desa Ledok-ombo. Contohne ana pepirang enggon ning kene sing jenenge "ledok". Ana ledok kopi enggone wong nggolek kayu. Ledok Ranu Worong biyen iku ana banyu, tapi banyu iku wes ilang sek'marine ditinggal


Dhamar Wulan. Dadi dijenengen Ledok Ranu Worong, nomer telune ning pas tengah-tengahe ning ledokan, paling amba sing dienggoni, masyarakat pusate Ledok-ombo. Biyen kalane Palu Ombo.

Biyen kala iku enggone pengobongane nyepuh utawa nuwek'en gaman sekala kerajaan. Sing kejuluk, yaiku Pawon Sewu. Pawon Sewu iku enggone ana ning lore Desa Ledok Ombo sing biyen kala Palu Ombo. Terus munggah titik iku ana plerenane Dhamar Wulan. Sek'iki iku daerahe iku ana kulon-lore Desa Ledok Ombo.





Kabupaten Lumajang





Ranu Pani

Pak Bambang Sutejo, dukun

Jaman biyen, gek jaman sak'durunge jaman Landa, ana wong tuwek nang Ranu Pani, menangi ranu, sing jenenge Pak Pani. 'Ranu' tegese 'banyu'. Jeneng 'Pani' merga wong iku sing kawitan weroh enggon iki. Desa Ranu Pani dicelok Pak Pani.

La ping pindone mlaku ngetan-ngidul menangi ranu maneh. Kok sampek menangi ping pindo dicelok Ranu Regulo. Terus mbalek, mlaku maneh, ngungkap nang puncak Hayek-hayek. Gununge luweh rowe duwur nek diincik'i rayek-rayek.

Waktu jaman iku, jaman biyen, mari leren, ngasoh kleset-klesetan, nglosot-nglosot. Terus, kate mudun kadung ana ndek ara-ara amba ana dicelok sumber pidu. Ngidul kok menangi ranu maneh, nang tengah alas. Ping telu dicelok Ranu Gembala.

Terus munggah. Mudun ana ara-ara luweh amba dicelok panggonan cilik lan Cemara Kandang. Munggah-munggah, terus, menangi ndek pusunge Gunung Kepala, tengah-tengah diarani Nyambangan.

Mlaku ngidul. Mandek. Ana cek'e banyu dicelok Kali Mati – banyune nanak. Ngulon kok ana diarani banyu, diarani sumber. Wis ngelak-ngelak, ana kanggo dalane urip, diarani Sumber Mani. Mbalek nang Kali Mati, munggah nang Semeru. Kono ana reca loro. Rupane pada. Dicelok iku jenenge Reca Pada utawa Arco Podo. Waktu zaman biyen iku jenenge Pesariane Betoro Guru. Munggah sampek pucuk'e Mahameru.






Argosari

Pak Kariyoleh, dukun


Argosari asal mulane ana desa diarani desa Argosari. 'Argo' tegese 'gunung'. 'Sari' tegese 'wit-witan'. Sing ana ning telatah ana telung lereng Gunung. Argosari sing kidul kulon arane Tanggul Angin. Sing ngalor ngulon iku jenenge telatah. Kedung pikul, sing ngidul ngetan. Madhang Caring sing nduwur, sing ledok'e ana diarani desa Mbesari. Terus, lanengan maneh, asal-usule desa Ndadapan, ana desa Karang Sari, terus Ledok Kercis, terus ana desa Tempursari, diarane desa Tempursari biyen babate seneng madhang daring kawite memidang nggolek caring bareng desa Madhang Daring. Terus ana kedong pikul sing ngalor ngulon iku jenenge Petertan Pengasone, wong daerah Argosari. Terus sing gunung daerah ngidul ngulon diarani Tanggul Angin, iku tamenge angin cek ajo nerobos nang wong sing ndek desa sing ndek telatah ndhadhapan Karang Sari karo Ledok Kercis. Terus, persatuane desa Argosari iku mau, dadi desa Ndukuh iku mau, dadi

desa Argosari, persatuane. Tapi desa Mbesari, iku diarani Ndukuh asal mulane, ana danyang, Ndonosari. Ndek kene sing dadi bedah krawange maune sang kaki Sunduro karo Njisundari iku sing mbeda krawang nang Mbesari. Terus bapat alas Ndukuh ndhadapan, Mbesari, ndek kana mau ana banyu sing teka sumber arane banyu iku wes mati. Iku diarani desa Mbesari. Terus sak'iki sak'marine dadi Argosari, desa persatuan sing dihuni karo masyarakat Tengger, sing brang wetan Lumajang. Tengere meneng ndek Argosari.





Kabupaten Malang





Ngadas

Pak Suparman karo
Mbah Ngatulin, dukun

Iki kawite desa Ngadas biyen taun 1774.

Kawitan biyen wektu gek wit-witan, ana wong sing teka Solo. Wong iku jenenge Mbah Sedhek. Nang sing melu Mbah Sedhek iku ana pitung keluarga.

Wong-wong iku mau mlayu polae ana wong Landa sing entas teka. Mbah Sedhek kathek wong-wong sing melu iku mau nggolek enggon sing tepak, enggon sing sepi. Wong-wong iku mau mlayu liwat desa Tumpang, desa Gubuh Klaka, sampek njebul kene. Ning kene asale ana uwet utawa suket sing jenenge 'adas'. Mangkane nggon iku dijenengi 'Adas Rejo'. Suket adas iku ye bisa digawe tamba.

Pas iku ye ana wong Ngadisari sing wes ning kene dikek. Wong Ngadisari iku mau ye gelek digridu wong jahat, wong sing gawene nyolongan. Mbah Sedhek orak nrima mergane Mbah Sedhek niate mlayu teka enggon sing kesroh ning enggon sing

luweh aman cekne selamat. Tapi kene ngapa enggon sing didengok rusuh pisan. Ning dina liya, Mbah Sedhek ngalahen wong jahat iku mau gawe siji watu wae. Maringono desane iku tentrem maneh. La, wong sing teka desa Ngadisari jenenge B. Pang, Seloso, Sarimun karo Kenik. Sing teka desa Wanakersa jenenge Sawi. Sing teka desa Gubuh Klakah jenenge Tuminah. Sing teka Mentaram Salatiga jenenge Tirun.

Suwe-suwe jumlahe wong sing ning kono dadi akeh. Tapi ning Ngadas iku biyen nanak petinggi.



Sing mimpin kawitan Bah Sedhek, 50 taun. Pas iku ye ana sing ngurusi desa. Wong iku teka Gubuh Klakah sing jenenge Pak Tuminah. Suwene 50 taun wong iku dadi Tetuwean. Teruse, mari Pak Tuminah, diganti, Pak Lamidin suwene 10 taun. Tapi iki petinggine gek melu Gubuh Klakah jenenge Pak Murjano. Terus diganti maneh, jenenge Pak Ngatino suwene 6 1/2 taun, P. Balok 9 1/2 taun, P. Bromo Rejo 20 taun, P. Asmokerto 25 taun, P. Ratmoso 4 taun, P. Purnomo 21 taun, P. Samsuri 1 taun, P. Muladi 8 taun. Terus diganti P. Kartono, mulai



